Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 17 (7313)
20 апрель 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ЦIаялъ балагьазде рачуна

17 апрелалда райадминистрациялда бетIерасул зам. М. ХIамзатовасул ва КЧСалъул председателасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана росабазул бутIрулги гIахьаллъараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана чрезвычайнияб комиссиялъул членал, тIаде рачIарал; Гъуниб лесничествалъул нухмалъулев И. ИсмагIилов, Унсоколо районалъул участковияв лесничий Ш. МухIамадов, Россиялъул РДялда бугеб МЧСалъул кIудияв инспекторги.

БакIазда басралъараб хер, гIаркьел-мичил бухIиялъ рачине бегьулел балагьазул бицана И. ИсмагIиловас. «Пачалихъалъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго цIаял ккунгутIиялъе, гьелъул зарал гьукъиялъул мурадалда»,-ян бихьизабуна гьес. Гьелъул хIакъалъулъ РДялъул Правительствалъул I0. I2. 20I5 соналъул № 336 бугеб хIукмуялда тIадчIей гьабуна. –Щибаб росулъ жидеего божарал I0 чиясдасан гIуцIизе ккола бугеб хIалалда хадуб хал кколеб команда. Хер ва цогидабги бакъвараб цIул-гIучI бухIулеб бугищали хал гьабизе ккола, санагIат гьечIелъуб гьеб бухIулел жавабчилъиялде цIазе ккола.

КIалъарав М. ХIамзатовас абуна: «БичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккола гIадамазда гьоркьоб, цIаялъ цIикIкIараб зарал кьола гIадамазе, магIишатазе. ЦIодорлъи гьабизе куцазе ккола гIадамал»,-абун.

Гьединго данделъиялда бихьизабуна бакIазда ккараб цIаялъул жаваб кьезе кколин росабазул бутIруз,-абун. Бакъвараб хардаса рохьал рацIцIад гьаризе ккола цIодорго, гIадамал цере чIун рукIине ккола цIа рахъ-рахъалде хъамизе течIого, гьединал бакIазда росабазул бутIруз гIадамал тезе ккола. Участковиясул ва рохьихъанасул букIине ккола цадахъаб план, санитарияб рахъги, хIинкъи гьечIолъиги цIунараб.

Хадув кIалъана М. ХIусейнов. Гьес бицана рохьоб бакъвараб хер-кIеч бухIизе кколеб куцалъул. «50 м. рохьалдаса яги рукъ-бакIалдаса рикIкIад, 25-30 м. радиусалда хасаб бакIалде бакIарун, аскIор гIадамалгун ва огнетушителалгун бухIизе ккола гьеб. Гьабизе ккола рахъ-рахъалде цIа хъамулеб гьури гьечIеб къоялда,-абун.

Ахиралда М. ХIамзатовас тIадкъаял кьуна росабазул бутIрузе гьоркьоб лъураб суалалда хурхун.

## БакIазде щвана

Апрелалъул байбихьуда районалда байбихьана неформалияб занятосталъул х1алт1ул захIматалъулал гьоркьорлъаби рукIинаризе ккеялъул, предпринимательствалъулгун налоговиял органазда хъвай-хъвагIай гьабичIого хIалтIулел ратарал къватIир чIвазариялъе ведомствабазда гьоркьоб гIуцIараб комиссиялъул хал гьариялъул хIалтIаби. Гьелъие нухмалъи гьабулеб буго лъелъ гъанкъулел ракьазул хIалтIи гьабиялъул бетIерав специалист ГI. МухIамадовас. Комиссиялде гъорлъе уна экономикияб отделалъул бетIерав специалист ХI.



МаллахIусенов, налоговияб инспекциялдасан, пенсионияб фондалдасан хIалтIухъаби, полициялъул участковияв инспектор ва гь. ц.

Комиссиялъул хIалтIул аслияб масъала буго бугеб хIалги хIисабалде босун гьединал гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби, гьезие консультация гьаби, гьелъул хIасилалда неформалияб занятосталда хIалтIулал гьоркьорлъаби рукIинари.

Гьедин хIалтIулаб группа щвана гIицIго тукабазде гурел КФХязде, ОООязде, СПОКазде. Бицана хIалтIулал гьоркьорлъаби рукIинаризе ккolin, гьединал къотIаби хъвазе кколин ва кколеб гIарац законалда рекъон бюджеталъулал гурел фондазде кьезе кколин.

МугIрул округалъул данделъи

## Росдал магIишат рукIалиде ккезабизе ккола



Араб анкьил хIалхьиялъул къоялда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана «Ихдалил хIалтIаби тIоритIиялъул, чанахъанлъиялъул компаниялъул ва риидалил харибакIазде гIи гочинабиялда» хурхарал суалал гьоркьор лъураб совещание. Гьеб бачана РДялъул росдал магIишаталъул министр А. Абулмуслимовас.

Совещаниялъул хIалтIулъ гIахьаллъана МугIрул территориялъулаб округалъул полномочнияв вакил М. Камилов, РДялъул росдал магIишаталъул ва кванагьекъолел жалазул министрасул зам. Ш. БахIарчиев, РДялъул минпродалъул рахъалъ управлениялъул нач. А. Расулов, Дагъистаналъул росдал магIишаталъул гIелмиябгун цIех-рехазул институталъул «Шелково-агрохим» предприятиялъул, Дагъистаналъул регионалияб «Россельхозбанк» ОООялъул филиалалъул, Россельхознадзоралъул нухмалъулел, Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, цогидалги МугIрул районазул бутIрул ва цоцо учреждениязул нухмалъулел.

Совещаниялда хъатIана гьадинал суалазда: ихдалил ракьалда гьарулел хIалтIаби хехлъизари, чанахъанлъиялъул компаниялъул, гIи-боцIи риидалил мучIдузде гочинари, росдал магIишаталъе кумекалъе кредитазул, техникабосиялъул, минералиял удобрениялъул тIалаб гьабиялъул, гIелмияб тIалабазда рекъон хIалтIиялъул, цIияб гIелму ва техника хIалтIизабиялъул, цIикIкIараб бачIин кьолел хьонал ралагьиялъул, рижарал жалазул производство кквеялъе пачалихъияб кумекалъул ва гь. ц.

Чан гьабиялъул заманалъул, араб хасел боцIуца тIамураб куцалъул рахъалъ кIалъана Шагмир БахIарчиев, росдал магIишаталъул суалал рорхана АхIмад Расуловас. Гьес тIадчIей гьабуна гьаб ихдалил рекьи тIобитIиялда, цIиял ахал лъеялда. Жиндирго кIалъаялда гьес бихьизабуна: «Нилъер гьаниб гIадаб росдал магIишаталда кверчIвай цониги регионалда гьечIин. Гьединго Расуловас тIадчIей гьабуна бакIазда гъутIбузул питомникал рукIиналда, гьеб ва цогидабги материал цIикIкIинабизе кколин бихьизабуна, тIадчIей гьабуна заралиял хIутIазде данде рагъ гьабиялдаги.

Совещаниялда хабар ккана продуктаби гIезариялъе, субсидиял ва дотациял рукIине ругин.

Районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубовас районалда гIезабураб ахбазан ва цогидалги риидалил культураби кьезе консервазул цехал гьечIин, гьел росулел пунктал гьечIин. Гьелъ продукция гIададе холеб бугин бихьизабуна. Гьеб суалалда хурхун министерствалдасан хасал пихъ бакъвазабулел аппаратал росизе кумек гьарана гьес. Гьедин гьабуни халкъалъул гIадада холеб ахбазаналъул продукциялъ цIикIкIараб пайда кьезе рес бугин бихьизабуна Ж. Якъубовас.

Совещаниялда кIалъазе рахъана М. Камилов, ХI. Догеев, Б. Мисриева, М. ИбнухIажаров ва цогидалги.

ХIасилал гьарулаго А. Абулмуслимовас тIадчIей гьабуна росдал магIишат пайда кьоледухъ гIуцIиялъе цадахъаб хIалтIи хIажат бугин. «Нилъер рес буго росдал магIишат рукIалиде ккезабиялъе цере лъолел масъалаби тIуразаризе, гьеб суал щивас кодохъ босизе ккола»,-ян бихьизабуна гьес.

## Санитариябгун эпидемиялде данде чIолеб комиссиялъул данделъи

I7 апрелалда райадминистрациялъул конференцзалалда букIана санитариябгун эпидемиялде данде чIеялъул комиссиялъул данделъи. Аслияб къагIидаялда гьениб гьоркьоб лъун букIана сибиралъул язва абулеб унти тIибитIулеб букIиналъул, гьелде данде хIалтIи гьабизе ккеялда хурхун.

Данделъи бачана ГI. НурмухIамадовас. ГIахьаллъана бетIерасул замал, кумекчагIи, Собраниялъул пред., тIаде рачIарал РДялъул Буйнакскиялда бугеб Роспотребнадзоралъул Управлениялъул ТОялъул начальникасул ишал тIуралев ГI. ГIисаев, ЦРБялъул врач ГI. МухIамадова, райветуправлениялъул нач. ХI-М. МухIамадов, росабазул бутIрул, школазул, яслиахазул нухмалулел ва гь. ц.

Данделъи рагьулаго бетIерас тIадчIей гьабуна: «Жакъа гьанире ракIарун руго гьоркьоб лъураб суалалда хурхун жавабчилъи тIаде кколел нухмалъулел. Нуж жавабиял руго лъималазе кьолеб квание гIоло, гьеб суалалъул рахъалъ кинавго чи цIодорго вукIине ккола»,-ян. Докладалгун кIалъана ГI. ГIисаев, ГI. МухIамадова, ХI-М. МухIамадов. Роспотребнадзоралъул вакилас школазул, яслиязул ва цогидалги общественнияб кванагьекъеялъул бакIазул нухмалъулезда лъазабуна кванил продуктаби росулаго инструкциялда рекъон хIалтIе,-ян, нуж жавабиял ругин гьеб ишалъулъ,-ян бихьизабуна.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 17 (7313)*

*20 апрель 2018 сон*

2 гьумер

**Дагъистан цебетIеялъул ва гьенир ругезул гIумро гьабиялъул даража борхи бугин аслияб масъала,-ян абуна гьал къоязда Москвалда букIараб ТАССалъул данделъиялда В. Васильевас. БукIана замана гьениб хIинкъи буголъилъугIизабулеб. Гьанжезаманщвана гIумро-яшавлъикIлъизабиялъе. Гьелъие республикаялда чIахIиял ресал руго. Масала, налогал ракIари лъикIлъизаби. Гьеб мурадалда команда гIуцIизе ккола бажари бугеб,-ян бихьизабуна гьес.**



МахIач Дахадаевас - 136 сон

## «ХIинкъи бугев студент»

ХIинкъи-къай лъаларев, тIадмагIарул вас
ТIаде вахъинарищ гIумро бихьизе?
Халкъ эркенлъиялде цIарав оратор
Изну босиларищ калам гьабизе?
ХIинкъи бугев студент, Петербургалъул
ГIурус пачаясе балагьлъун чIарав,
Мун чIвазе кколезул сияхIалда гъорлъ
АнцIабилеб мухъилъ восун вукIана.
ЧIегIераб чаранлъун, лъадарарав дур,
Халкъ цIалеб къуваталъ хIинкъана пача.
«ХIинкъи бугев студент» чIвазе кколилан
ЦIалул курсаздаса, тIезавуна мун.
Гьел балагьал саназ, гьалагал къояз
Мун цIодор гьавуна, дур мугIалимаз,
Дурго кьурабазда цIунизе кIвечIо
Кьурарал михьазул, багьадур МахIач!
Гьезул ракълий гIоло къеркьаниги щиб
Ишан дуде ккуна хиянатчагIаз,
Мискин халкъалъухъе квер бегьани щиб
Квер дуде бегьана нилъер бегзабаз,
Гьеб кинабго бицун мун кIалъанани,
Ракьалдаса тIекълъи т1агIун инаан,
Нух къосараб гIумро гьал гIадамазул
ЦIияб дур малъиялъ нухде ккелаан.
ЧIваниги щиб гурин, чIегIераб чаран,
Чармил кьурабазе нахъе ц1ар тедал.
КьотIани щиб гурин цIадулаб калам
Дагъистан чIухIарав васлъун хутIидал!

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

## Нухазда хIинкъи гьечIолъи букIине



I7 апрелалда букIана нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул комиссиялъул данделъи. Гьеб бачана М. ХIамзатовас. ГIахьаллъана РДялъул Унсоколо районалда бугеб ОГИБДД ОМВДялъул нухазда тIад хьаравуллъи гьабиялъул инспектор Р. Мусавузов, комиссиялъул членал А. ГIабдулхаликъов, М-ХI. ХIажиев, М. ГIабдурахIманов.

Балагьиялде босун букIана росабалъ ва МКУязда гьоркьор ругел нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул суал.

Данделъиялда кIалъалаго Р. Мусавузовас бихьизабуна: «20I7 соналда ккана I845 ДТП, гьезул 2I7 ккана машина бегун, гьедин ккарал авариязул къадар бахуна II,8 %. Нухазда кваарилъи ккей гIемерлъун бугелъул хIажат буго хехал тадбирал гьаризе. ГIемерисел балагьал ишал кколел руго мугIрул бакIазда. ХIажат буго МКУялъ, школазда цере тротуарал ругел бакIазда канлъи чIезабизе, знакал лъезе. Гьел хIалтIаби гьаризе ккола Рихьуни, Майданскиялда, Генуб, Шамильхъалаялда ва цогидалги бакIазда»,-ян бихьизабуна гьес. Росабазул жанисел нухаздаги лъималазе хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккелин бихьизабуна бутIрузда, лъай кьеялъул бакIазул нухмалъулезда.

Гьединго данделъиялда бицана районалда автостанция рагьиялъул.

# Диналъулъ ва гIумроялъулъ районалъул руччабазул роль

(Унсоколо букIана районалъул руччабазул форум)



I4 апрелалда Унсоколо росдал клубалда букIана районалъул руччабазул форум. Гьелъул тема букIана «Хъизаналда, обществоялда ва диналъулъ руччабаз кколеб бакI»,-абураб. Форум гIуцIана РДялъул муфтияталъул лъай кьеялъул отделалъул вакил ГIайшат НурмухIамадовалъ. Гьеб рагьизе ахIун вукIана районалъул имам Гъ-М. Абакаров, Унсоколо росдал имам АхIмад Дахадаев. Форумалда гIахьаллъана районалъул культураялъул, библиотекабазул ва цогидалги учреждениязул хIалтIухъаби, районалъул росабалъа руччаби.

Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовалъ гIатIидго бицана кинабго обществениябгун динияб гIумроялъулъ руччабаз кколеб бакIалъул, хъизаналда гьелде кколеб жавабчилъиялъул. Гьенибго гьелъ бихьизабуна диниял гIадамазул рихьизарияв квешлъиялдаса гIадамал цIуниялде буссараб букIунин, гьезул къучIалда гIуцIизе кколин гIумро, гьедин гьабуни гIумроялда баракат лъолин. ТIадчIей гьабуна кинабго обществалъул гIумро бичIчIи бугел гIадамаз ккураб бугин, гьединалълун лъимал куцаялъул роль кидаго руччабазухъ букIунин. Гьей кколин рукъалъулги лъималазулги, росдал ва улкаялъулги жанисеб хIал рекъезабулей, гIумро берцин гьабулей гIаданлъун. ГIемерал мисалалги рачун бичIчIизабуна гьелъ форумалъул гIахьалчагIазда улкаялда чIужугIаданалъул бугеб роль.

Форумалъул программа бачунел рукIана диниялги дунялалъулги нухал лъикIго ричIчIулел «Муслиматалъул» ясал. Гьеб абуни гIуцIун букIана махщалида, щибаб номералъ гIахьаллъаразе асар гьабуледухъ, чIаголъигун.

Форумалъул программаялда рукIана «БахIарай тIаса йищи», «Телефон» сценкаби, видеороликал. ГIемерисел церерахъинал рукIана бадиб магIу хулулел.

Форумалда лъик1аб гIахьаллъи гьабуна росдал кIиябго школалъул цIалдохъабаз ва гьезул киналго церерахъинал рукIана ракI-ракIалъ балагьарал разилъулел. КIудияб интерес ккана гIадамазе А. ГIабдулхIамидовалъ ва гьелъул яс МухIамаева ПатIиматица хIараб гьанжесел гIолилал рихьизарулеб сценкаялъул.

Хасал темабазда кIалъана лъай кьеялъул, культураялъул бакIазда хIалтIулел руччаби. Форумалда кIалъазе рахьараз аслияб къагIидаялъ тIадчIей гьабуна рухIиябгун гIамал-хасияталъул тарбия гIолеб гIелалъе кьеялде. Гьебго магIнаялъул рукIана цIалулел кучIдул ва цогидалги тадбирал.

ГIенеккаразе асар гьабуна Унсоколо № I школалъул завуч Н. ГIалиевалъул, лъай кьеялъул отделалъул хIалтIухъан У. ХIасановалъул, библиотекаялъул директор ГI. ГIабдурахIмановалъул темабаз. Гьел рухьарал рукIана районалъул руччабазул гIумроялда.



Форумалъул ахиралда ансадерил руччабазе цIикIкIараб къимат кьуна ГI. НурмухIамадовалъ. «ХIалтIулъ бажариги, диналъулъ мухIканлъиги, гьалбадерие гIаданлъиги бугин гьезулъ»,-ян бихьизабуна. Гьелъ баркала загьир гьабуна районалъул имам Гъ-М. Абакаровасе, росдал имам А. Дахадевасе, Росдал бетIер ХI. ГIабдулаевасе форум гIуцIулаго гьабураб кумекалъухъ. «Аллагьас гьаб форумалда гIахьаллъанщинасе ва кумек гьабуразе диналъулъ къуватги гIумроялъулъ битIккейги насиб гьабеги»,-ян абуна гьелъ ахиралда. Форумалда дунялалъулго бусурбабазе ракI унтун дугIаги гьабуна.

## Санитариябгун эпидемиялде данде чIолеб комиссиялъул данделъи



Гьединго тIадчIей гьабуна гIи-боцIуе вакцинация гьабиялъул кIварада ва боцIуе гьеб гьабиялъе бугеб планалъул бицана.

Жиндирго кIалъаялда ХI-М. МухIамадовас бицана сибиралъул язва гьукъиялъе районалда гьабулеб бугеб хIалтIул, боцIуе вакцинация гьабиялъул, лъай-хъвай гьабуна жиндирго хIалтIуе бугеб планалъулгун.

КIалъалаго ГI. МухIамадовалъ чIванкъотIун бицана сибиралъул язва унтул халкъалъе бугеб хIинкъиялъул: гьелъул симптомазул, сах гьариялъул, гьеб баккиялъул ва дандечIей гьабизе ккеялъул. ТIадчIей гьабуна гIи-бIоцIиги гIадамалги вакцинация гьабун, квешаб унтудаса цIунизе кколин.

Заседаниялъул хIасилал гьарулаго гьабуна гьадинаб хIукму: жанисел ишазул органалгун цадахъ тадбирал гьаризе несанкционированнияб гьан, гIи-боцIул продуктаби ричунгутIизе, законалъ чIезаричIел бакIазда кванил продуктаби ричи гьукъизе, гьел ричулезухъа хасал до-кументал тIалаб гьаризе, бугеб хIалалда хурхун гIадамазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе, кванил продуктаби ричулезда ва гьезул документациялда хадуб хьаравуллъи букIинабизе.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 17 (7317)*
*Рузман*
*20 апрель 2018 сон*

3 гьумер

Россиялъул ВУЗазда 2024 соналде щвезегIан прикладнияб бакалавралда гIолилал ругьун гьаризе руго тIадегIанаб технология лъазабиялдасан байбихьун. Гьедин лъазабулеб буго «2018-2024 саназда улка цебетIезабиялъе стратегия» хIаракатчилъиялъул Централъ. Бихьизабулеб буго гьеб программаялда цIализе бугин киналго студентазул лъабил бутIаялъ. Гьелде цIалдохъаби хIадуризе руго школаздаги.

**Мактаб**



ЦIатIанихъан хъвалеб буго

# ЦIиял къагIидаби хIалтIизариялъул мурадалда



Школа ккола инсан куцалеб къебелъилъун. Къебедин рикIкIуна гьенив мугIалим. Кинаб цIилъи лъай кьеялъулъ т1атаниги, ракIчIун абизе кIола, гьеб байбихьулин гIурус мацIалдасанилан.

ГIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим релълъуна кьолораб чода, киб-щиб хIажалъаниги хехаб куцалда къватIибе бахъине хIадураб. Гьедин буго ОГЭ-ялда цебесеб бутIа – цIияб къагIида баккиялъульги. «ТIад къараб ишалъе къвал чучичIого, къебелъухъ махх гIадин багIаризабе» -ян абурал ЦIадаса ХIамзатил рагIаби унго- унголъунги гIурус мацIалъул мугIалимасе хъварал ругин ракIалде ккана дида жакъа къоялъул хIисаб гьабидал.

9 апрелалда Унсоколо № 1 гьоркьохъеб школалда УО методцентралъул начальник Сакинат МухIамадгIалиевналъул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана 9 классалъул цIалдохъабаз гьачIого къезе кколеб ОГЭ-ялда цебесеб бутIаялъул цIияб къагIидаялъулги, гьеб нухда бачиналъул булеб кIваралъул бицараб семинар - совещание. Гьеб цIияб къагIидаялъул хIалбихьи исана гьабизе бугел школазда гьоркьор рехсана Рихьуни ва ХъахIабросдал гьоркъохъел школал. Амма гIодор риччан, тIаде къо щвезегIан чIезе бегьуларин, гьеб хIалбихьи киналго школаз гьабизе тIадаблъун бихьизабуна Сакинат МухIамадгIалиевналъ.

Семинаралда гIахьаллъи гьабуна районалъул киналго гIурус мацIалъул учительзабаз гуребги, школалъул завучазги жеги цо ИКТялъул жавабиял хIалтIухъабазги. Гьединал семинарал тIоритIула чIахIиял школазда. ЧIахIиял школазда гьоркьобги гIемерисеб мехалъ гьеб т1обит1улаан УСОШ № 1. ГIадада гурелъулха гьелда «ХIалбихьиялъул майдан»,- ян абулеб. Гьеб тIаса бищиялълъги батила кIудияб магIна. ТIоцебесеб иргаялда абуни, кIудияв МугIалим – директорзабазулги директорин жиндир нухмалъиялъул заманалда цIар къун букIарав ГIабдурахIмановс МухIамадхIажи ГIабдурахIмановичас куцараб, битIараб нухде ккезабураб, гъункараб коллектив буго гьениб. КIиабизе абуни, жийго завуч ГIалиева Нажават ХIамзатовналъул гьабулеб ишалъулъ ракI бацIцIалъиги, гIакълудал камиллъиги, гьваридаб лъайги бихьичIого хутIилищ УОялъул нухмалъулезда. Абизе кIвела, битIахъего Сакинат МухIамадгIалиевналъул кваранаб квер йиги Нажаватилан. Гьеб къоялъ Нажаватица бихьизабуна жиндирго хIалтIуде бугеб рокьи ва махщел гуребги, гьеб цогидазе бикьизе бугеб гьираги анищги. Нажават ГIалиевалъул гьунаралдалъун кIиго къойил болжалалда, тIадехун бицараб цIияб къагIида (ракIалдасан лъималаз тIубазе кколеб ОГЭ-ялда цебесеб бутIаялъул хIалбихьи) рагIалде бахьинабун буго киналго цIалдохъабивыпускникалги гIахьал гьарун. ЦIияб къагIидаялъул мисалгицин бихьизабуна 9-леб классалъул цIалдохъан МухIамадова ПатIимат АхIмадовналъулгун гара-чIвариялдалъун. Гьелъул гьабулеб къагIидаялъул гуребги жеги Нажават ХIамзатовналъ бицана дандчIварал захIмалъабазул, лъимал азул ва жалго учителзабазул сахлъи цIуниялъул рахъалги хIисабалде росизе ккелин,-абун. ПалхIасил, семинар - совещание ана гIахьаллъаразе пайда цIикIкIараб къагIидаялда, ай кинабго гьениб букIана цIияб, жеги дандчIвачIеб. Диргоги ва киналго гIахьаллъаразул рахьалдасан баркала кьезе бокьун буго тIад къараб ишалъе къвал чучуларел Сакинат МухIамадгIалиевналъе, Нажават ХIамзатовналъе ва гьединго цогидалги гIолеб гIел куцаялъул ургъалида, рухIалда барахщичIого хIалтIулел ругел-щиназеги. Гьединаллъун рихьула дида УОялъул начальник Лабазан МухIамадгIалиевичги тIолго гьесул коллективги.

**ХIусейнова ГIайшат**

# ТIоцебесеб бакI



Дагъистаналъул ГьитIинаб гIелмияб академиялъул лъималазул «Квантариум» технопаркалда щибаб санайилго рагьула «Юный краевед» абураб республикаялъул конкурс. Гьеб тIобитIула эбелаб культураялъул ва тарихалъул рахъалъ гIолеб гIел церетIеялъе, гIелмиябгун цIех-рехазулаб ва край лъазабиялъул рахъ церетIурал лъималаз кодохъ босиялъе.

Гьал къоязда букIараб гьединабго конкурс ана лъабго этапалда. Къимат кьеялде биччан букIана «Культурное наследие моего района (города)»,- абураб темаялда 37 хIалтIи. Кинавниги гьениб гIахьаллъи гьабуна республикаялъул муниципалиял гIуцIабаздаса ва шагьараздаса рачIарал 400 цIалдохъанас.

Бихьизабураб темаялда гIахьалчагIаз кьезе кколаан краялъул цIех-рех гьабулаго жидерго хIалбихьи бихьизабурал хIалтIаби, бихьизабизе кколаан цIилъабазул кIвар букIин, ахIвал-хIал лъазабиялъулъ жидецаго лъураб бутIа, къимат кьезе кколаан источникаялъул базаялъе, цIех-рехазул къагIидабазе. Кьокьго абуни киналъулго рахъалъ хIасилалги гьарулаго хIадуризе кколаан гьеб.

Лъималазул хIалтIабазе къимат кьезе букIана ритIухъаб ва лъай бугеб жюри.

Конкурсалъул хIасилалда нилъер лъималазулгун гIолилазул туризмалъул ва экскурсиялъул станциялъул «Юный краевед» цолъиялъул член ПатIимат ГIабдулхIажиевалъ гьениб ккуна I бакI (педагог ккола Шамиль НурмухIамадов).

Киналго гIахьалчагIазе кьуна гIахьаллъиялъул сертификатал, бергьаразе абуни кьуна РДялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул Министерствалъул дипломал.

# ОБЪЯВЛЕНИЕ

Военный комиссариат Унцукульского района Республики Дагестан проводить набор граждан женского пола в следующие военные образовательные организации:

**Высшего профессионального образования:**

-Рязанское высшее воздушно-десантное командное училище;

- Военная академия войск радиационной, химической и бактериологической защиты (г. Кострома);
- Краснодарское высшее военное авиационное училище летчиков;
- Военная академия воздушно-космической обороны (г. Тверь);
- ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (филиал, г. Санкт-Петербург) военный институт (Военно-морской политехнический);

-ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (филиал, г. Калининград);

- Военная академия ракетных войск стратегического назначения (г. Балашиха Московская область);
- Военная академия связи (г. Санкт-Петербург);
- Военный университет (г. Москва);
- Военная академия материально-технического обеспечения (филиал, г. Вольск Саратовская область).

**Со средней военно-специальной подготовкой:**

-Военно-медицинская академия (г. Санкт-Петербург).

**По всем вопросам обращаться в военный комиссариат Унцукульского района (тел, 55-10-22).**

**Ш. МАГОМЕДОВ.**
**Военный комиссар Унцукульского района, РД.**

# БатIи-батIиял тадбиралги тIоритIун

7 февралалда ЦIатIанихъ росдал школалда тIобитIана «Бищун лъикI кечI цIалулезул» конкурс. Тема букIана «ВатIаналде рокьи»,- абураб. Гьеб бикьун букIана кIиго бутIаялде: байбихьуда 5-7 классазда гьоркьоб. Гьениб тIоцебесеб бакI ккуна 7 классалъул цIалдохъан Абакарова ПатIиматица, кIиабилеб бакI – Дайитбегова Маймунатица (7 кл.). 8-I0 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна 8 классалъул цIалдохъан Жамалудинов ГьитIинмухIамадица ва кIиабилеб бакI ккуна 9 классалъул цIалдохъан Жамалудинова Жамиляца.

ЦIакъго рекIее асар гьабулеблъун букIана ва балагьараз ва жюриялъ бищун лъикIаб къимат кьуна Гь-М. Жамалудиновас рикIкIараб кечIалъе. Гьединал тадбирал школалда гIемер тIоритIула, ай дарс тун къватIисеб хIалтIи цIакъ кодохъ босун буго, ахирияб заманалда лъимал азе лъайгун тарбия кьеялъулъ куцазе кинабго хIалтIи лъикIаб даражаялда гIуцIун буго. Мероприятие хIадур гьабуна НурмухIамадова Раисатица. Школалда, араб анкьалда тIобитIана «Сталинградалъул рагъ» ракIалде щвезабиялъул рагьараб тадбир. Гьеб хIадур гьабун букIана историялъул учительница Шамсудинова Саидаца. Лъималаз рикIкIана рагъул хIакъалъулъ кучIдул. Гьез хIана сценкаби: «Вас армиялде тIовитIи», «КIочонареб рагъул нух»,-абурал. РакIал сороллеб хIал букIана залалда. Хасго эбелалъул роль хIалаго Шамсудиновалъухъ ралагьун гIодор чIаразул бадиса магIу чвахулеб букIана. Солдатазул роль хIана А. МухIамадовалъ (I0 кл.), цогидал ролал - З. Кусалаевас (8 кл.), А. Дайитбеговалъ (II кл.), Р. МухIамадбеговалъ (8 кл.) XI. МухIамадовалъ (8 кл.), почтальонасул роль хIана Г. Жамалудиновас (8 кл.).

РакIалде щвезаруна рагъул майданалда хутIарал гIолохъаби, гьединго росуцоял, рагъул гIахьалчагIазул цIаралги.

Ахиралда гьабуна «сихIкьотIиялъул минута», рагъда хварал ракIалде щвезелъун.

Тадбир гIахьаллъаразе рекIее асар гьабуледухъ гIуцIун букIана.

**Асият ЖАМАЛУДИНОВА.**

# Баркалаялъул кагъат



Лъалеб букIахъе гьаб соналъул I8 мартaлда Российскиялъул Федерациялда тIоритIана улкаялъул аслиял рищиял. Гьелъул кIудияб кIвар буго хадубккунисеб Россиялъул политикиябгун общественнияб гIумроялъе.

Улкаялъулго рищиязда исана тIоцебе рищиязул участказда цере гIуцIун рукIана чияда рачIел общественниял хадуб халкколезул къокъаби. Рищиял тIаде щвелалде чанго моцIалъ цере гьел цIализаруна. Гьелъ кIудияб квербакъи гьабуна бацIцIадго, кинабго рахъалъ законалъул тIалабал цIунун рищиял тIоритIиялъе. ЛъикI ана рищиял Дагъистаналдаги. Гьелъие квербакъана регионалда 3830 общественниказ гIуцIадго политикияб иш тIобитIиялъе хIалтIи гьабиялъ.

9 апрелалда РДялъул Общественнияб палатаялда букIана общественниял хал кколезе шапакъатал кьеялда буссараб тадбир. Гьенир гIахьаллъана РДялъул рищиязул комиссиялъул пред. М. Дибиров, ЮФОялъул НОМалъул ва СКФДялъул координатор А. Рогачев, РДялъул НОМалъул нухмалъулев И. ГIалиев.

ЖиндиргокIалъаялдаИ.ГIалиевасбихьизабуна рищиязда гьабураб хIалтIул кIудияб бутIа тIаса босанин РДялъул Общественнияб палатаялъ, муниципалиял ва общественниял палатабаз,-абун. РакI-ракIалъулаб баркала кьуна гьезие лъикIаб хIалтIухъ. Гьединго РДялъул Общественнияб палатаялъул пред. ГI-ХI. Мачаевас Баркалаялъул кагътал кьуна Дагъистаналда рищиял тIоритIулаго жигараб хIалтIи гьабурал наблюдателазе. Гьедин «Гьаб соналъул I8 мартaлда РФялъул Президент вищиялъе гьабураб жигараб хIалтIуе гIоло» нилъер районалдаса мустахIикълъана нилъер районалъул общественниял наблюдателазул къукъаялъул бригадир Шамиль НурмухIамадов.

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул, райадминистрациялъул ва районалъул тIолабго общественностиялъул рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула гьесда шапакъат!

## Баркала сахлъи тIад буссинабуралъухъ

Чорхол сахлъи гьечIолъиялъ дагьаб цебегIан дун ккана Шамильхъалаялъул больницаялде. РакIалде ккун букIана чорхое сахлъиги щун берцинго дун тIад юссинадай,-абун. Амма дун мекъи ятана. ЦIакъго унтарасул тIалаб-агьаз цIикIкIарал, инсанасул рекIелъе нух батулел, ракI аваданал ва хIеренал врачалгун дандчIвана дун гьений. РакIалъ тIаса бищараб махщел гIумроялде данде ккарал ругоан гьел.

РакI бацIцIадго инсанасул сахлъи щула гьабиялда тIад хIалтIулел руго больницаялъул хIалтIухъаби, хасго больницаялъул бетIерай врач МухIамадова Заремал нухмалъиялда гьоркь, ХIамзатова СалихIат, Дибирчуева Мадина, цIар-цIарккун рехсечIониги киналго медсестраби ва санитаркаби. Районалъул газетаги гьоркьоб ккун бокьун буго гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе ва тIаде щвараб хирияб ШагIбан моцI баркизе.

Гьарула больницаялъул тIолабго коллектива лъе чорхое кидагосеб сахлъи ва аваданлъи.

РагIиги хIеренал хIалтIи дурусал
Куркьбал хъахIал хIанчIи, хIайранлъула дун,
ХIеренал, свак гьечIел нужехъ балагьун
Жив-живасе дарман дурус гьабулел.

**ДАЙИТБЕГИЛ ПатIимат**
**ЦIатIанихъ росу.**

### Пайдаяб малъи

*** Иммунитет щулалъиялъе.** ГIемерисел унтабазе врачаз лъикIаблъун рикIкIуна черхалъул иммунитет щула гьаби. Сунцаха гьелъие кумек гьабулеб? Пералъ, ражиялъ, С витаминалъ, женьшеналъул лъеца, хIанчIазул ханаз. Гьезулъ, ай хIанчIазул ханазулъ буго микро ва макро элементал, гьездасан бищунго кьиматаб – цинк. Щуго хоно цоцалъ журазарун гьекъани, бокьараб унтуде данде кьеркьезе къуват бачIуна.

*** Инфарктaлде данде – чай.** Цо кIудияб емкостaлде жаниб бай зверобоялъул, мелисаялъул ва мятаялъул хурдузул пачкаби. Журазаре. ГьитIинаб чайникалда жаниб тIаде гьалараб лъимги тIун тун, чай гIадин гьекъе, къойида жаниб 3 нухалъ. Гьеб цIакъго къвакIараб букIине бегьуларо. I чай гъуд бала заваркаялъе.

*** Зобалде данде герань.** ТIела гераналъул цо гIаркьел, чурила, цо емкостaлда жанибги лъун, гьеб бацизегIан тIаде тIела водка. МоцIалъ гьедин тела, хадуб цIвила ва щибаб къойил цо стл. гъуд гьекъела къойида жаниб 3 нухалъ, кванaлалде бащдаб сагIаталъ цебе. Гьедин гьабила чанго моцIалъ.

Божизе захIматаб, амма...

## ЦIадул мацIаз бихьизабуна нух

Дагьал церегIан соназда росгун ва гьитIинаб лъимер ясгун ниж гIумро гьабун рукIана Киевалда, Киево-Печорский лавры районалда квартираги ккун. Холодильник букIинчIо, цIакъ захIматго гурони цIунизе кIолароан лъимадуе кьолеб смесь. РакIалдаго гьечIого ясалде щвана рихxел. Хехаб кумекалъ ниж больницаялде рачана. Гьенир лъималазул улбузда ретIинабулаан больницаялъул ретIел, жи-дерго ретIел кьезе кколаан постеляншаялъухъе.

Къасде дун сагIат 9 тIубазе гIан ясгун больницаялъул холаго дун екерулей йикIана. Хабалазда гIемерал санал рарал гъутIбузда гъорлъан, букIана квешго бецIго. Кие щвараяли бихьизе сверухъ ялагьана, лъабго хобалда тIад бихьана гIисинал цIаял. Дица гIажаибльи гьабуна ва хIисаб гьабуна свечаби ракун толел ратилин хабатIа,- абун. Ургъизе заман букIинчIо. БакIазда, квегIисаги кварани-саги гьединал цIаял аскIоре гIагарлъидал дица лъутун биччан тана, наязул бацIиялъ гIадин дун нухда регIулей йикIана гьез. РакIалдаго гьечIого дун чиясул бор-



халъиялъул гвандиние ккана, амма гIодой речIичIо, йосун нухда лъуна. Гьедин йорчIана хабалаби тараб, гIадамазул дачаби ругеб бакIалде. Дагъдагъккун тIагIун ана цIаялги.

Чан сон араб долдаса нахъе, лъида гьикъаниги гьел свечаби гIадал цIадул мацIазе ахикь тира-сверана, гьей къижизегIан, гьитIичги кроваталда лъун къасде больницаялда чIелин гIодое йиччан йикIана. Цо лъимадул эбелалъ дида бицана кинго къасде гьанир толарин, ихтияр кьоларин. Дун хIадур йикIана чIарбида егун сордо рогьине, амма кватIараб сардилъ ахIи-хIурал гьарун къватIие ккезаолин, гьединал хIужаби гьанир рукIанин абидал, ракIалде ккана ретIелги хисун рокъое ине. Амма постелянша хIалтIул къо лъугIун ун ятана, дун щиб гьабилебали лъаларого хутIана.

Рокъое тIад юссине ккoлаан хабалалъан. Цойги батIияб нух букIинчIо. ХIинкъуца кьимат кьолев чи дихье щвечIо. Амма лъана дида гьеб дагьаб цебегIан. Цо сордоялъ кватIараб гIужалъ телевизоралъул канaл рехулаго гIенеккана Марфил цIаял абун бицунеб передачаялъухъ. Американялъул цо салул авлахъалда гьединал цIадул мацIазул цIех-рех гьабурал гIалимзабаз чIезабун бугоан гьел плазмаялъул мацIал ругин. Дирго ракIалда дибун ккола гьел рукIанин лъикIал рухIазул дун цIунизе ва битIараб нухде ккезайизе ракарал цIаял,- абун.

**Ставрополалдаса**
**А. Т. ТОЛСТОЛУЦКАЯ**

## Импортниял йогуртал - «хвараб квен»

***(Импортниял йогуртазда гъорлъ рукIунел пихъазул ва овощазул кусокал холаро, щайгурелъул гьезде канлъи речIчIизабун букIуна (облучение).***

Банкаби лъурал поддонал лъола хасаб камераялъур, гьениб лъадалъан 60 кобальт бугеб решетка борхизабула ва пихъазулгун овощазул кусоказде речIчIизабула радиациялъул залп.

Производителаз нилъеда бичIчIизабула излучение гьабун хадуб йогуртал радиактивияллъун лъугьунарин, ай квешабщинаб гъорлъаги хун рацIцIадаллъун лъугьунилан. ХIакъикъаталда абуни облучениялъ хвезарула витаминал ва продукт лъугьуна «хвараблъун».

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 19. 4. 18 г. 14. 20
фактически -17. 50 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.